



Pou Piblikasyon Imedya: 12/14/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO AP BAY YON DISKOU KONJWEN SOU KONDISYON ETA AK  
BIDJÈ A NAN DAT 13 JANVYE 2016**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke li pral òganize Diskou 2016 sou kondisyon Eta ak Bidjè Egzekitif la nan mèkredi, 13 janvyè a 12:30 p.m. nan Sant Konvansyon Empire State Plaza nan Albany. Nouyòkè ki ta renmen patisipe dwe ale nan paj-dakèy sitwèb Gouvènè a pou enskri non yo: [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov).

Enskripsyon pou Diskou 2016 sou kondisyon Eta ap ouvè nan lendi, 21 desanm a 12:00 p.m. e lap fèmen nan lendi, 4 janvyè a 5:00 p.m. Plas yo limite e tikè yo pa transferab. Sizoka kantite demann yo depase kantite plas ki disponib yo, n ap chwazi moun ki vle patisipe yo nan yon tiraj-osò. Yap fè envite yo konnen osijè chwa yo pa imèl nan lendi 11 janvyè.

Yap fè envite yo sonje ke valiz, sakado, malèt, koli, pòt-dokiman avèk atik ki menm jan strikteman entèdi nan evènman an.

Nou p ap aksepte aparèy pou fè foto ak videyo nan lokal la. Yo pa pral aksepte envite ki gen atik entèdi yo. Yo pap bay depo oswa "kote pou enskri " pou kalite atik sa yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418